RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen	f 6,—	njoewoen kabajar roemijin.
½ „	f 3,—	
3 woelan	f 1,50	

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

PRADJA RAHAJOE.

CONTARDO FERRINI.

Contrado Fırrini poenika satoenggiling sardjana Itali ingkang sakelangkoeng damang dateng kawroeh babadipoen Pranatan Roem. Koentjaraning asmanipoen sang winasis loemandjak dateng pradja poendi-poendi adamel tjingaking ingkang sami poetoes Pranatan. Nanging soewoering asma waoe langkoeng-langkoeng saking goenging kasoejijanipoen, malah manoet pangandikanipoen pijambak, inggih soegengipoen oetami, poenika ingkang mikoewati panggajoehipoen dateng kawitjaksanan.

Reringkesaning soegengipoen Ferrini awoedjoed: sregep sinaoe, sembahjang lan ngangen-angen, keplok kalijan paseksènipoen ingkang sami tepang; déné moeloeking gagasan bab toedjoening ngagesang mitranipoen ting Paulo Mapelli lan Vittorio Mapelli ingkang sami neksèni, djer kakalihipoen, langkoeng-langkoeng Paulo Mapelli kerep sami tampi serat isi krenteg lan osiking panggalihipoen.

a. Timoeripoen Contardo Ferrini.

Mijosipoen C. Firrini wonten kita Milan kala soerja kaping 4 October 1859; ingkang rama Rinaldo Ferrini dados mahagoeroe 40 taoen laminipoen wonten pamoelangan loehoer bab Teknik; karanganipoen boekoe misoewoer sanget nama: „Tecnologia del Calore" lan „Elettricita e Magnetismo." Iboenipoen sesilih Luigia Buccellati, soetji sanget; pandjenenganipoen poenika kagoengan sadèrèk 24, sadaja sami dados prijantoen misoewoer-misoewoer.

Contardo katjarijos loeloet sanget kalijan ingkang rama lan sepisanan kémawon dèrèng naté damel roentikipoen ingkang iboe.

Nalika pandjenenganipoen sinaoe wonten ing Instituut Bocelli ing salebetipoen 5 taoen kerep welas dateng goeroenipoen awit sami boten agami. Saking pamoelangan ngriki neroesaken 3 taoen malih ing pamoelangan Lyceum Beccaria. Sanadjan watekipoen djatmika sanget, éwasamanten pitepangipoen kalijan kantja-kantjanipoen njenengaken blaka soeta, barès koerès, nanging dategn rembag ingkang njembir sengit ndjering sanget.

Contardo wiwit kala samanten sampoen remen sanget dateng kawroeh kasoesastran tandanipoen sregep sanget ngrawoehi pakempalanipoen Widyasastra ingkang anama „Alessandro Manzoni" lan sanadjan basa Jahoedi lan Siriah poenika saklangkoeng angèl, sami dipoensambi-sambi ngantos saged maos kanti gampil ngertos isining serat basa kekalih.

b. Mahasiswa ing Pavia.

Kala taoen 1876 sapoetoesipoen pasinaonan Gymnasium Contardo pindah dateng pamoelangan loehoer ing Pavia perloe njinaoe bab Pranatan Roem poesakanipoen bangsa Itali.

Èstoenipoen Contardo boten namoeng ndjangka serat pratanda, nanging langkoeng inggil malih toedjoening karsanipoen, pandjenenganipoen badé ngarah poelihing koentjaranipoen tanah woetah-rah, awit manawi ngraosaken tansah mindak karanta-ranta, déné manawi tijang Itali badé njinaoe Pranatan Roem kanti nelas kedah dateng negari mantja dateng tanah Djerman.

Badé njinaoe gadahanipoen pijambak teka ndadak kedah neda pitoeloenganipoen tijang mantja; kados-poendi para sadèrèk manah kita manawi katanggor kaoengelaken: „Nèk arep njinaoe Djawa nganti mateng, nggedèkna kawroehmoe basa Landa disik." Pramila mahasiswa Ferrini boten ngétang sajah loengkrah, njrempeng sanget pangoedinipoen kawroeh basa kina, awit tanpa kawroeh basa Latin lan Joenani mokal sagedipoen katoetoegan karsanipoen.

Wonten ing Pavia Contardo dedalem ing College Borromeus tetoenggilan lan mahasiswa katah ingkang sanadjan sami Katholiek sami kirang saé gesangipoen. Nanging darah Ferrini boten éwah saking margi wawasanipoen, malah kerep angganter pamatiraganipoen ngantos terkadang boten saré, sedaloe tansah sinaoe lan sembahjang. Saben éndjing temtoe ndèrèk Koerban Mis Soetji lan tampi Panoenggal Soetji. Sanadjan djam-djaman anggènipoen ngangen-angen bab kasoewargan, éwasamanten wonten ing klas boten naté mlèntjèng gagasanipoen, wonten ing padjagongan boten naté nindakaken ingkang nganèh-anèhi. Mitranipoen kinasih Paulo Mapelli mastani pijambakipoen „kasmaran ing Pangéran" inggih margi saking genging ngibadahipoen, lan tetijang kaprah sami mastani Santo Aloysius ing College Borromeus margi saking roeroehing pasemon.

Nitik seratipoen dateng Paulo, Contardo Ferrini kala samanten sampoen ageng lan lebet sanget pangandelipoen, awit oengeling serat waoe: „Akoe trenjoeh banget jèn ngèlingi oenèn-oenèn iki: Deus qui laebificat juventutem meam. (Allah kang karja boengah enomkoe).

Keprijé ta orané mangkono, awit sanadjan angger wong kang kinasih ing Pangéran kena kaanggep adjeg enom, nanging kaja akoe lan kowé rak loewih rinoban ing kaboengahan. Pangandel kang amarah soepaja akoe pada boengah, marga Pangandel oega medar apa kang bakal ndak tampa mbesoek ing djaman kalanggengan. Bener Pangandel mono ara kena kagajoeh ing pikiran nanging ora taoe geloet karo kanalaran."

Dateng Dèwi Marijah sanget panjoewoenipoen soepados maringi poentoning kaoetaman Soetji, lan pinoewoen poenika kakanténan lampah ngarah-arah soepados sok tijanga ingkang wawan ginem lan pandjenenganipoen oegi toemoeta moemoendi Poepoendènipoen. Dasar pinter mitjara, saged sanget ngénggokaken ginem kirang saé; déné manawi dong kapèpèt boten saged ngendakaken, ladjeng teroes késah boten mawang sinten-sinten kanti lingsem. Soepados mitranipoen sami nindakna makaten sami katjrijosan bilih isin makaten poenika kénging kaoepamèkaken gendéraning Pakoewon Dalem Goesti Jésoes, ingkang koemlèbèt martandani Goesti sinéwaka ing ngrikoe.

Kalijan laré alit tepanganipoen naté weling makaten: „Angger kowé seneng sembahjang, sinaoe lan mbangoen-toeroet kowé mesti bakal ajem." Laré ngéstokaken lan béndjing dados dochtor.

Kala taoen 1880, inggih taoen nalika Contardo kakepjakaknn dados Dr. in de Rechten, pandjenenganipoen kabaékot ing kantjanipoen ingkang sami remen maos serat kabar mengsah Agami; Contardo ngémoetaken, nanging pamalesipoen . . . , témboking sentong padjagongan kalangsé mawi koran awon „Secolo." Mangka kala semanten mangsa badiding lan sentong ingkang anget sakétja namoeng satoenggal poenika; nanging sanadjan badidingipoen asrep kelangkoeng, Ferrini boten kersa mlebet dateng sentong padjagongan, sinaosa talingan soemroewoeng, geger goemeter déning atis.

W. S. — P.

Badé kasambet.

PAMBIJANTOENIPOEN PARÉNTAH.

Ing ontjèn sekar gambir melati Sw. T. no. 32, sadèrèk Patjar mérah ngandaraken jèn: gandèng kalijan lelampahan itjalipoen laré Salam (Kedoe Tj.) s.k. Het Nieuws van den Dag njarijosaken: mireng rembagipoen tijang ingkang nedja ngleboer padagangan waoe (padagangan laré èstri Tj.) boten poeroen njamboet damel sasarengan kalijan paréntah. Kawontenan poenika ladjeng dipoengetoeni Het Nieuws. Saladjengipoen Het Nieuws mrajogèkaken sanget soepados C. P. P. A. salebetipoen toemandang damel poeroena neda pitoeloenganipoen poelisi toewin prijantoen pangrèh pradja.

Sanadjan sad. Patjar mérah oegi mireng saking swantenipoen salah satoenggiling warga, ingkang ing semoe pandakwanipoen Het Nieuws waoe njata. Éwasemanten koela gadah kejakinan jèn pandakwanipoen Het Nieuws waoe boten njata alias goroh, djer koela njipati pijambak gandèngipoen pangrèh C. P. P. A. kalijan prijantoen pangrèh pradja ing Salam ing ngatasipoen pangoeroesing laré Salam ingkang itjal roemijin. (laré waoe sapoenika sampoen pinanggih, anggènipoen itjal namoeng tigang daloe, pinanggihipoen wonten dépo Kemetiran Djokja Tj.) Dados getoenipoen Het Nieuws waoe kénging koela wastani tanpa teges, éwasamanten inggih dados tanda jekti jèn Het Nieuws ngangkah lan mrajogèkaken soepados golongan *Non* malih dados golongan *Co*.

H. TJITRA.

ECONOMIE.

JOGA ANGANGGA JOGI.

Babagan economie.

Kados ingkang sampoen kasbat ing serat-serat kabar, ombjaking djaman semangké, prasasat mèh saben panggènan inggih kita, inggih doesoen, sampoen katah pakempalan - pakempalan cooperatie (dagang baton) njèlèngi lan sapanoenggilanipoen ingkang kaedegaken, ingkang toedjoenipoen badé njaèkaken economie-nipoen.

Para pengandjoer-pengandjoering kaoem terpeladjar Indonisier, sampoen lami kedjawi sami ngawontenaken pakempalan politiek, oegi sami ngoedi soemedya njaèkaken economienipoen bangsa kita. Déné menggah anggènipoen badé njaèkaken waoe mawi sarana warni-warni kadosta:

Ngoedi soedaning tjatjahipoen lintah darat, sarana ngawontenaken pidato-pidato, lan menggak dateng bangsa kita anggènipoen remen lan tansah njelaki dateng lintah darat waoe.

Ngedegaken pakempalan dagang ingkang ngemoengaken namoeng kanggé tijang Boemipoetera (Madeg ing taoen 1928 wonten ing kita Soerabaja, kanamakaken Setia). Pamendetipoen pawitan sarana njadé serat aandeel.

Kedjawi poenika oegi taksih katah srana sanèsipoen malih.

* * *

Jèn nitik kawontenan-kawontenan ing nginggil waoe ndadosaken bingah lan mongkoging manah kita, déné bangsa kita Indonesier ingkang soewaoenipoen sami dipoen wastani ringkih ing bab economienipoen déning bangsa sanès, sapoenika sampoen katah ingkang sami karsa goemrégah toemandang badé ndadosi.

Ombjaking sakatahipoen pakempalan politiek, sinarengan madjenging pakempalan ingkang toedjoenipoen badé njaèkaken economie. Ing ngrikoe pantjèn matoek sanget. Awit: Jèn namoeng ngambah ing kalangan politiek kémawon, tanpa ngèngeti dateng srana, margi lan gegaranipoen, ing ngrikoe satemah kapolitiekan waoe badé . . . . . nihil, wohipoen.

O, moegi Indonesia sageda tansaha mindak adjenging pakempalan kalih waoe. Lan bangsa kita Indonesier sageda mindak-mindak ingkang sami insjaf (ambetahaken) dateng pakempalan kalih waoe, inggih pakempalan politiek inggih pakempalan economie.

Lha, sapoenika kanggé golongan kita gotrah Katholiek kados-poendi?

Poenapa inggih badé tansah kèndel kémawon lan karsa kantoen kalijan golongan sanès anggènipoen ngoedi dateng saéning economie?

Leres, sapoenika kita sampoen gadah pakempalan sociaal (K. W. P. K. W.) lan oegi pakempan politek (P. P. K. D.), ingkang dados tetamèng, tetoenggoel poenapa malih ingkang saged ngijataken actie kita gotrah Katholiek.

Nanging poenika poenapa boten nama taksih koetjiwa, jèn kita gotrah Katholiek boten ngawontenaken pakempalan malih ingkang midji kanggé njaèkaken economie lan ndjagi saéning gesang kita?*)

Ing woesana soemangga kita borongaken doemateng para maos toewin para pangarsaning tjabangipoen pakempalan kita K. W. P. K. W. dalah P. P. K. D.

Noewoen. Aksamanta
Percy Blakeney.

*) Roeti Woeri? *Red.*

KOEROE SÉTRA.

PINTER KÉNGING, NANGING SAMPOEN DJOELIG?

(sadjawining tanggelan redactie).

Wonten lelampahan ingkang saé toewin boten poenika saking kinten koela namoeng margi kempalanipoen (omgang). Noedjoe satoenggiling dinten koela ketamoean tijang nami Kadji Aboe Kasan, madoelaken déné pijambakipoen tansah boten kendat kelebon tjina goendoelan kémawon.

Pak kadji waoe gegrija ing doesoen Kebaledan (Brebes), gadah anak djaler nama KADJI Sirad grija ing Brebes.

Kinten-kinten sampoen ragi dangoe sapriki Kadji Sirad gadah manah badé apoes-apoes dateng tijang sepoeh. (Dados boten males malah . . . .). Mekaten waoe kelampah. Kadji Sirad manggihi tijang sepoehipoen, nedya kapoerih nekséni anggènipoen njamboet arta f400 (sekawan atoes roepijah) dateng bah Kong Heng meubelmaker ing Tegal. Sanadjan laré waoe sampoen sering-sering lampah makaten, nanging poen bapa taksih gadah kapitadosan dateng anak. Kadji Aboe Kasan teroes tèken porot ing serat katrangan (aceptatie). Sareng sampoen sawatawis woelan bah Kong Heng nagihipoen boten dateng anak nanging dateng bapak. Poen bapa tetep boten poeroen, margi boten roemaos nganggé artanipoen. Prekawis poenika ngantos dateng pengadilan lan woesana Kadji Aboe Kasan kapoetoes mbajar, jèn boten poeroen badé poen beslag, gegadahanipoen. Lan pinaringan tempo 14 dinten, bok bilih Pak Kadji Aboe Kasan badé damel persèt (request).

Dados jèn makaten, saged oegi ing aceptatie-nipoen babahé makaten:

„Saja bernama Aboe Kasan, merasa pindjam wang . . . . (dados boten saja bernama Hadji Sirad).

Nalika samanten pak Kadji manah boten kantenan.

— Sigeg —

Ing satoenggiling dinten wantji sijang ± djam 10, pak Kadji Aboe Kasan ketamoean, tijang djaler, ngagem stelan, katja mripat njangking tasch. (Nalika datengipoen tijang poenika poen pengarang inggih njoemerepi nganggé mripatipoen pijambak, malah koela wastani Babahé maoe nagih rekening).

Wonten ngrikoe ngakenipoen Meester (apokat). Pak Kadji saweg riboet ngraosaken prakawis ndadak ketamoean pokroel. Lan njrijosaken jèn badé dipoenbeslag poenapa. Waaah la kaleresan; pokroel ladjeng tjrijos: „Pak kadji jèn sampéjan badé dibeslag wah soesah banget, sebab pari-pari niki pripoen? (Nalika samanten saweg panèn). Hla saniki koedoe énggal gawé presèt; soepaja adja nganti dibeslag. Prakara gawé koela saged, moeng mawon nganggo ongkos f30— (tigang dasa roepijah),
f 23 kanggé ongkos landraad.
f 2 kanggé toembas zegel.
f 5 kanggé ongkos njerat.

Kesinggihan, pak Kadji Aboe Kasan namoeng saged mbajar f 25, lan ingkang f 5 semados bèndjing.

Pokroel bamboe sagah; teroes njerat wonten zegel.

Sampoen rampoeng, pokroel wangsoel, serat kabekta. Let 12 dinten pak Kadji kedatengan Glivier badé mbeslag saèstoe. Kadji Aboe Kasan kagèt sanget. Dados terang jèn serat waoe boten loemebet ing post, nanging ing tasch-ipoen pokroel. Tandanipoen ngantos sapriki pokroel adjrih nagih ingkang f 5 kantoenanipoen. Pokroel waoe nama Bang kasan: grija ing Tegal. Saged oegi poen Pokroel sampoen tjantèl kalijan Kadji Sirad oegi.

Ingkang makaten waoe moegi andadosna pangémoet-émoet dateng para maos ingkang sampoen pepoetra; sampoen ngantos ingkang poetra . . . . Lan oegi koela atoeri ngatos-atos jèn ketamoean ngaten poenika (Bekakas pekiran).

Noewoen koela
H. IJO TO?

VARIA.

WOELANGAN GENDING ING N. S. MOENTILAN.

Djaman taoen '29 poen panjerat ngalami angsal woelangan gending Djawi wonten ing N. S. kasbat. Nanging rèhning dèrèng gadah dedasar, dados inggih angèl mlebeting piwoelang. Éwa déné manawi wonten feest ingkang kanggé ramé-ramé inggih sampoen loemajan.

Ing samangké, temtoenipoen woelangan gending ing N. S. kasbat inggih taksih lestantoen, mbokmanawi malah saja mempeng, djalaran sapoenika gamelanipoen dipoenpiara. Kendang ingkang waoenipoen bedah tjekap goendoel, samangké sampoen wetah kanti saé. Gamelan baroet ingkang kala semanten pating pléot, tangsoelipoen ingkang kanggé ngrèntèngi pating srendil, sapoenika sampoen kompleet; lan gamelan baroet ingkang waoenipoen prasasat boten kopèn waoe, samangké malah kerep dipoentoetoeki, djalaran koeping Djawi pantjèn matoekipoen dateng slédro (baroetipoen laras sléndro, gamelanipoen ageng laras pélog).

Dadoeng ingkang kanggé nggantoeng Kjai Singa Moelja (namaning gong ageng) dalah pak kempoel, ingkang waoenipoen doek, samangké santoen dadoeng saking benang abrit soemringah komplit lan tamparing wilahan baroet; dalah baroet waoe ingkang waoenipoen taboehipoen namoeng grèsèk - grèsèk, samangké sampoen mrepak. Gamelan baroet ingkang waoenipoen tanpa kendang, sapoenika kendangipoen malah énggal.

Samangké ingkang ketingal madjeng N. S. klas III. Pamoedji koela moegi woelangan gending waoe sampoen ngantos kasowak, ananging malah saja mandjenga. Mangga Hr. Hardjawardaja, koela atoeri noelaraken kagoengan pandjenengan kawroeh gending saking Habiranda. Soekoer dipoenwoelangi ndalang lan mbeksa.

Gamelan poenika kagoenan Djawi, darbèkipoen bangsa Djawi. Laré djawi langkoeng preloe ngretos gending-gending Djawi, tinimbang menjanji tjara Walandi.

Mangga para siswa N. S. ers Moentilan, dipoenteroesaken anggèn pandjenengan sami sinaoe gending Djawi. Pandjenengan tjetjep sadaja kawroehipoen gending goeroe pandjenengan, Boten-botenipoen jèn badé ketelasan, Nanging weling koela sampoen ngantos margi seneng gending, ladjeng nglirwaken piwoelang ing pamoelangan.

Koela ingkang sampoen boten saged sinaoe gending malih, boten saged noetoek kempoel, jèn ndoedoek kimpoel ing ngrika katah.

Poen bonang kepentjil.
S. S. DH.

SAKING PAKEMPALAN.

DOEKOEN.

Kala dinten Setoe sonten tg. 9-8-'30 tjabang P. P. K. D. Doekoen ngwontenaken parepatan warga sepisanan: wonten ing pamoelangan Vervolgschool Doekoen, ingkang rawoeh warga bestuur pepak, kedjawi 2de. Commissaris. tamoe saking Moentilan 2. sedaja wonten prijantoen 10. Wakil préntah tw. A. W.*) Watawis djam 5 parepatan kabikak déning pangarsa mawi tata tjara Katholiek.

Ingkang karembag (Agenda).
1e. Pamboeka.
2e. Sesorahipoen R. M. Soerjamoersandi bab babadipoen P. P. K. D.
3e. Haking pakempalan.
4e. Pitakénan.
5e. Panoetoep.

Sesorahipoen R. M. Soerjamoersandi bab babadipoen P. P. K. D. pandjang lebar damel marem koela sami.

Gandèng kalijan pakempalan R. M. Soerjamoersandi oegi ngandikakaken pakempalan-pakempalan ing Indonesia; sak pérangan ageng wonten kalih golongan inggih poenika:
1e. Kempalanipoen bangsa kilènan toewin
2e. Kempalanipoen bangsa Indonesiers.

Kempalanipoen bangsa kilènan oepami I. K. P.; V. C., I. E. V.; Europeesche B. B. ambtenaren toewin sanès-sanèsipoen.

Kempalanipoen bangsa Indonesiers oepami P. P. K. D. B. O.; P. P. P. K. I.; P. N. I.; P. S. I. toewin sanès-sanèsipoen

Pakempalan-pakempalan poenika mèh sedaja sami actienipoen, namoeng dedasar toewin tradjangipoen béda-béda.

Wonten ingkang dedasar:
a. kabangsan; (Nationaal).
b. Agami.
c. Sociaal.
d. Neutraal.
e. Non Coöperator.
f. Coöperator toewin sanès-sanèsipoen.

Tradjangipoen wonten ingkang:
a. Rikat sanget daja-daja gèk kalakona.
b. Rikat mawi moelat.
c. Rindik.

Satoenggal-toenggaling pakempalan oegi dipoenngandikakaken kanti tjekak-aos.

Dedasaripoen pakempalan kita P. P. K. D. wonten 4 prakawis inggih poenika:
1e. Katholiek.
2e. Nationaal ingkang tjoendoek kalijan agami toewin kabangsan.
3e. Evolutie (boten kénging damel kapitoenaning sanès).
4e. Cooperatief (njamboet damel sesarengan samenwerking).

Sesorahipoen R.M. Soerjamoersandi koela tjekak semanten kémawon; telas sesorahipoen wonten sadèrèk sawatawis njoewoen pirsa warni-warni; spreker paring katrangan sak tjeta-tjetanipoen kanti legawaning panggalih; damel mareming prijantoen ingkang njoewoen pirsa.

Haking pakempalan kaandaraken toewan voorzitter tjekak-aos.

Watawis djam 7 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Verslaggever.
J. KOES.

*) margi wonten aral preloe ragi telaat.

PATRONAAT ING MALANG.

Sampoen radi lami, pandjenenganipoen Fr. M. Augustinus, pengagengipoen pamoelangan R. K. H. I. S. ing Malang, kagoengan karsa badé ngwontenaken pakempalan kanggé laré-laré ingkang sampoen sami medal saking pamoelangan waoe. Kala wonten parepatan goeroe, Frater pengagenging pamoelangan ndjlèntrèhaken prakawis poenika klajan terang. Kados adat saben parepatan poenika dipoendjenengi Ngarsa dalem Mgr. C. van der Pas kalijan satoenggiling pastoor ing ngriki. Sadaja ingkang wonten sami roedjoek wontenipoen pakempalan waoe.

Ing salebetipoen woelan Juli ingkang sampoen kapengker poenika sampoen kalampahan para tilas moerid sami saged nglempak. Anggènipoen sami kempal kados déné nalika taksih sami dados moerid ing ngrikoe. Tjatjahing ingkang dateng wonten 36. Samanten poenika wonten ingkang taksih sinaoe, oepaminipoen wonten M. U. L. O., wonten ingkang sampoen tjepeng damel.

Pandjenenganipoen Mgr. C. van der Pas nerangaken tjekak bab maksoedipoen sarta toedjoenipoen Patronaat. Ingkang dipoenwastani Patronaat poenika pakempalanipoen para moeda, ingkang mawi dipoenajomi salah satoenggiling tijang soetji. Pangajomaning Patronaat ing ngriki St. Stanislaus. Ingkang dipoenoedi inggih poenika kawiloedjenganipoen para warga, ing bab rohani lan djasmani.

Ingkang sami ngatoeraken tèken, minangka pratanda jèn poeroen dados warganing Patronaat: sadaja ingkang sami dateng ing ngrikoe. Sanadjana tilas moerid ingkang dèrèng kabaptis, wonten oegi ingkang toemoet.

Kinten-kinten djam 8 sonten, pakempalan bibar. Moegi sageda lestantoen saé. *)

J. S. M.

JAARVERGADERING PANGROEKTI LAJA SEMARANG.

Tg. 17-8-'30 Setoe malem Ngahad, ing Semarang ngwontenaken jaarverg. P. L. ing Nitihardjan, wiwit djam 7,45.

Ingkang rawoeh sed. 17, tamoe 2.

Sasampoenipoen kabikak déning voorz. mawi tata tjara Katholiek ladjeng:

2. Maos Notulen.

Notulen boten saged kawaos djalaran saking pindahipoen sed. F. Dirdjasoemarta—Betjoeloek, mangka secr. énggal (sed. Soepadi) dèrèng nampèni boekoe^2 saking ex. secr. (dèrèng over gave over name).

3. Maos jaarverslag.

Verificatie; ingkang dados verificateur: 1. sed. Dirdjapernata, 2. sed. Dwidjatanaja, 3. sed. Atmaboedaja.

4. Nlesihaken tjatjahing warga batih, lid ingkang warga batihipoen tambah kedah ladjeng soeka soemerep dateng bestuur soepados saged énggal mlebet register.

Nampi lid énggal 2, sed. Soekirman lan Dwidjatanaja.

Bab aangenomen kinderen (anak angkat) boten kalebetaken anak; sagedipoen klebet anak, jèn sampoen wonten seksi lan kedah kapriksa déning bestuur roemijin.

5. Pilihan bestuur.

Voorz. adjeg, inggih poenika: R. M. Soedarta Sasraningrat.
Vice Voorz. adjeg: R. Soeparna Paschalis.
Secr. sed. Dirdjapernata.
Pen. meester adjeg: sed. Djaswadi.
Comissarissen: adjeg:
sed. M. J. Manabda Adisoewignja.
„ G. Alib Anggasoebrata.
tambah „ V. Soetédja Bratasoetédja.

6. Pitakénan lan oesoel^2.

Sed. E. Martawidagda oesoel soepados P. L. nitjila pirantos saking sakedik.

Wangsoelan: Rèhning arta boten wonten, dados boten saged nitjil; poetoesaning parepatan, amrih kelampahan, kedah mawi intilan (bijdrage adjeg) pendak woelanipoen seketip; sadèrèk ingkang blandja katah kasoewoen kanti taklim karsaa maringi: intilan radi langkoeng.

Jèn dong wonten sripah, intilan vrij (boten katarik).

Bab sembahjang jèn dong wonten sripah, prajogi wonten grija lan ing koeboeran, boten perloe wonten mergi, margi dèrèng mangsanipoen, langkoeng^2 Semarang. Lampahing lajon sasaged-saged ingkang tamban, déné jèn ingkang gadah akèn rikat, margi saking wekdal oetawi sebab sanès, kénging kasengkakaken.

Sed. Bratasoetédja oesoel: Bab lèk-lèkan soepados giliran kados déné jèn dong saos Sakramèn Maha Soetji ing Grédja, soepados ingkang kesripahan sampoen ngantos soewoeng bloeng. Nanging katah sedèrèk ingkang boten tjotjog, margi katah sanget kangèlan, langkoeng-langkoeng kanggénipoen sed. Semarang, grijanipoen tebih-tebih. Oepami ingkang sripah sedèrèk Lemahgempal (Smg. West), ingkang ketiban serat melèk djam 3 — 5 éndjing: koela, grija koela Semarang oost, éndjingipoen koela kedah nglampahi ajahan dienst djam 7 nampi telegram, dados toemindakipoen rekaos.

Poetoesan: Prajogi kedah dipoenlèki, nanging boten mawi regel: kowé mengko bengi melèka djam 3 — 5. boten! nanging: Para warga kasoewoen kanti sanget mboetjal kangélan sekedik merlokna ngelèki.

Bestuur P.L. sagah toemoet ngrembag tata-tjara Katholiek sesarengan kalijan commissie tata-tjara Kath.

Sed. Nitihardja ngémoetaken sampoen ngantos kasoepèn njembahjangaken ingkang ngadjal, boten kétang sak tientje!

Djam 10 plek, verg. katoetoep kados adat.

M. J. A.
vers. gev.
Semarang.

*) Ing Ngajodja ngriki oegi sampoen wonten pakempalan kados makaten poenika, kanamakaken P. S. K. (Pakempalan Siswa Katholiek). Pendak Ngahad kapisan lan kempalan. *Red.*

„TETINGALAN."

Wonten ing Swara Tama No. 32 tanggal 8 Augustus 1930 koela maos prakawis „Pasar malem", pawartos saking „De Koerier No. 95" martosaken, bilih Bestuur ing Ngajogjakarta mangsoelaken panjoewoenanipoen bangsa Tionghwa anggènipoen badé ngedegaken peken malem béndjing woelan September ngadjeng poenika, malah mangsoelaken oegi panjoewoenanipoen Harmston's Circus; ingkang djalaran wontenipoen Bestuur mangsoelaken panjoewoenan bab karaméjan waoe, kabekta Bestuur menggalih kawontenanipoen economie kawoela ing Ngajogjakarta.

Ingkang poenika waoe, koela namoeng toemoet bingah toewin memoedji, karsanipoen Pangrèh ingkang kados makaten waoe moegi-moegi dadosa toeladanipoen Pangrèh sanèsipoen. —

Ing sarèhning koela maos prakawis kasebat nginggil, ing riki koela kapeksa oeroen-oeroen kabar:

Ing doesoen Gondang (sak Wétan Sragèn) satjelaking pabrik gendis Kedoengbantèng, sampoen kawartos, manawi ing rikoe (wekdal poenika) saweg risak economienipoen djalaran woeloewedaling sabin kirang sanget tinimbang kalijan taoen ingkang sampoen-sampoen. —

Éwasamanten rikala woelan Juli 1930 wonten karaméjan barangan ringgit tijang laminipoen $\pm$ $^1/_2$ woelan, sak bibaripoen ringgit tijang, ing woelan Augustus poenika ladjeng wonten barangan ketoprak. —

Waaah, kantong (wadah doewit) sida lemes. —

Menggah tjaranipoen ingkang sami remen ningali waoe (ingkang katah-katah, dados boten sadaja ingkang sami mriksani, loo!) manawi boten gadah arta, sami pados samboetan, manawi pados samboetan boten angsal, inggih dateng poendi malih, boten sanès inggih dateng roemah gadé.

Ooo, mbok-mbok, gadènmoe boor loo!! —

Menggah ingkang sampoen koela soemerepi, tijang-tijang ingkang pantjèn sami remen dateng tetingalan waoe, kadjawi risak economienipoen, inggih wonten ingkang risak kaoermatanipoen; kadosta: laré oetawi tijang èstri wonten ingkang gandroeng kalijan speleripoen djaler; tijang djaler wonten ingkang gandroeng kalijan speleripoen èstri. Poenapa boten memelaaas. —

Koela pijambak inggih ngantos goemoen. Goemoen koela waoe: manawi sami kadawoehan nitjil paos sami semados, malah ngantos wonten Loerah doesoen dipoendoekani déning prijantoen Bestuur ingkang ambawahaken, inggih djalaran saking tijang alit katah ingkang dèrèng nitjil paos. Éwasamanten manawi wonten karaméjan, sak déngah klas mèh „vol" (kebak tijang).

Tijang ing rikoe pantjèn katingal madjeng dateng tetingalan, kosokwangsoelipoen economienipoen inggih katah ingkang pating srendil. —

Pramila saking panjoewoen koela bokbilih prijantoen Bestuur menggalih kawontenanipoen tijang alit, ing tembé wingking, menawi ing rikoe kawontenaken karaméjan kados ingkang sampoen-sampoen, reginipoen kartjis kémawon soepados kadawoehan damel mirahmirahan, kados déné ing kita Ngajogjakarta bangsa ketoprak kartjis klas glodag namoeng $\pm$ 5 cent; soepados pak Singawonga boten mesakaken sanget-sanget. —

SINGGIH.

KABAR SAKING POERWAREDJA.

P. Bl. martosaken:

1. Dèrèng dangoe poenika Controleur peken ing Poerwaredja tijang Welandi lan Marktmeester-ipoen tijang Ambon sami dipoenkèndeli saking pangkatipoen, amargi kepriksa arta kas kepanggih kirang. Doemoegi titi mangsa poenika teksih katahan, dèrèng wonten poetoesan.

2. Gegajoetan kalijan riaja wiosan dalem Sri Maha Radja Poetri Wilhèlminah sampoen djangkep 50 taoen joeswanipoen, béndjing tanggal '31 Augustus ngadjeng poenika, sedaja sekolahan Gouv. (angka II, vervolgschool, sekolahan doesoen) sami badé tampi paringan arta f 5 saking negari, soepados kanggéa wragad toemoet ngramèkaken riaja wijosan 50 taoenan waoe.

Lan malih tampi kabar jèn badé wonten dawoeh, bilih wonten poendoetan, béndjing ing dinten ngleresi wijosan waoe, sedaja pendoedoek ing Poerwaredja (tetijang Islam samia dateng mesdjid, tetijang Tiong Hoa dateng klentèng, tetijang Protestan toewin para sedèrèk Kath. dateng Grédja), soepados sami njenjoewoena lan memoedjia sageda S. M. R. P. Wilhèlminah waoe pinandjangna ing joeswa lan sageda tetep anggènipoen djoemeneng ngrenggani Nata.

LOERAH TERPELADJAR.

Ing doesoen Baléredjo (Madijoen) wonten satoenggiling loerah klebet tjekap; kawertos sabinipoen kémawon 60 baoe. Grija toewin radjakajanipoen tirah katah.

VAN LITH-STICHTING

JEJASAN ÉNGGAL
poenika
sagedipoen madjeng
goemantoeng dateng
Pandjenengan sadaja

Bestuur V. L. S.
PASTORIE
MOENTILAN N. I. S.

Pak loerah kasbat nginggil gadah anak djaler .... pinten boten patos terang; ingkang ketingal satoenggal; wiwit alit pikantoek didikan tjekap; sareng agengipoen saged dados 2e. Commies poskantoor ing Weltewreden.

Rèhning pak loerah waoe sampoen sepoeh, soemedya ngasokaken badan, nilar kalenggahanipoen, kanti hormat.

Pengageng ngrikoe ngleksanani ingkang dados panjoewoenipoen pak loerah; sadèrèngipoen kèndel, pak loerah kadangoe sinten ingkang badé anggentosi.

Saking panjoewoenipoen pak loerah sageda anakipoen ingkang dados 2e. Commies waoe nggentosi kalenggahanipoen.

Anakipoen kalampahan dados loerah nggentosi bapakipoen. Déné mawi pilihan poenapa boten, boten patos terang.

Kapinoedjon ingkang djoemeneng A.W. nipoen prijantoen sepoeh. (conservatief), katawis ragi kirang rena dateng loerah énggal (ex. Commies); nalaripoen bokmanawi kémawon margi ragi njlenèh pijambak; kadosta; manawi kapinoedjon kempalan loerah-loerah dateng onderan kantjakantjanipoen loerah sami mengaggé rasoekan tjemeng tjekak (sikepan) loerah énggal mawi djas petak pijambak.

Menawi wonten rawoehan pengageng B. B. poen loerah énggal inggih djas-djasan kala-kala gedasird. (Bok manawi sampoen bijasanipoen). Dados manawi ladjeng badé toemoet-toemoet kantjanipoen loerah, sikepan; taksih rikoeh.

Déné poen A. W. kirang rena dateng loerah ex. Commies waoe kilap nalaripoen, poenapa inggih namoeng babagan poenika poenapa wonten nalar sanèsipoen boten terang.

Ing satoenggiling wekdal A. W. lapoer dateng Regent, poenapa sababipoen? boten mangertos.

Éndjingipoen loerah énggal katimbalan dateng kaboepatèn Madijoen; kedah ngadep djam 8 éndjing;

Ing dinten katimbalan poenika oegi loerah énggal $^1/_2$8 sampoen doemoegi kaboepatèn; (sampoen sadija).

Ing woesana dipoentengga saèngga doemoegi djam $^1/_2$12 dèrèng katimbalan ngadep (dèrèng dipoendangoe).

Poen loerah djèngkèl; ngraos menawi kanggé dolanan.

Dèrèng ngantos ngadep bandara kandjeng (dèrèng pinanggih), poen loerah ènggal dateng kantor telegram; telegram dateng karésidènan, njoewoen kèndel, Toewan Resident kagèt nampi telegramipoen loerah ex. Commies. Ladjeng kaoeroes poenapa sebabipoen, toewin manawi prakawisan, kalijan sinten; toewin sinten ingkang lepat.

Mekaten wartosipoen S. saking Madijoen.

J. Koes.

POESPITA MANTJA WARNA.

PANGOELIR OETEK.

motto: arti djempol,
arta nggrombol,
otot metékol.

Ingkang kamaksoedaken *arti* tjekak-aosipoen sawarnining kapinteran, *arta* sawarnining banda mas pitjis radjabrana, *otot* sawarnining tenaga.

Tijang ingkang kadoenoengan *arti djempol*, nggadahi maksoed gadah kapinteran ingkang ngoengkoeli sesami, dados oegi kénging koela sebataken linangkoeng oet. loear biasa; kadoenoengan *arta nggrombol* i. p. kasinoengan ngroempaka, noempoek banda warni mas pitjis radjabrana ingkang langkoeng déning katah, kénging koela sebataken *abanda — abandoe;* kadoenoengan *otot metékol*, manawi tjagtjeg, prigel ing damel, boten mawang èntèng-awratipoen, boten mawang kasar-aloesipoen dados kénging koela wastani boten nampik dateng sawarnining padamelan.

Sapoenika doemoegining rembag. Tijang ingkang kawengkoe ing arti, arta, otot kempal dados satoenggal, tampi noegraha *medali* **Merdika**, djer poenapa kémawon ingkang badé kasedia mesti saged kadoemoegèn, kapitoeroetan sadaja, mèh mokal ing mlèsèdipoen. Kosokwangsoelipoen tijang ingkang boten gadah salah satoenggiling tetiga poenika, temtoe boten badé saged begdja — é begdja malih begdjaa, tjilaka mesti — malah badé tampi *ploembeer* **Sangsara** alias adji klaras pating sloewir.

Tijang namoeng ketémpélan *arti* tok, poenika badé madjeng rekaos sanget mèh lir oepaminipoen tijang boten gadah oentoe; kados-poendi sagedipoen?

Para maos temtoenipoen oegi sampoen jakin pijambak manawi saking kekijatanipoen *arti* kémawon boten badé saged adamel mareming manahipoen tetijang ingkang gadah sedia, djer gotanging *arta lan otot* ingkang andjalari.

Tijang ingkang namoeng kegedongan *arta* tok, poenika inggih oegi angèl badé madjengipoen, djer sanadjan gadaha arta beriboe-riboe oetawi banda sanèsipoen matoempoek-toempoek, manawi oetekipoen kopong mesti badé telasipoen, boten kénging boten, langkoeng-langkoeng ing djaman samangké, lepat setindak — **„abis kekajaan."**

Tijang namoeng gadah *otot* tok sangsaja angèl sanget badé madjengipoen — (kagaliha, tijang sadéan roempoet, kadjeng oet. koeli.) Saben éndjing malah ngetèng-ètèngaken, njegah-njegahaken baoenipoen dateng kaoem kapitalisten. Manawi tijang makaten poenika badé madjeng prasasat Tjebol anggajoeh lintang, manawi kénging koela oepamèkna; mbéndjing poenapa sagedipoen??

Ngentosi manawi wonten beling bosok! (letterz.) Rak mokal ta?

Wonten arti lan arta tanpa otot kémawon, inggih taksih kirang; tjobi pandjenengan galih: Ing Pabrik-pabrik, perceel-perceel poenika oetek ingkang djadoeg-djadoeg pinten kémawon, lan banda-bandanipoen pinten èwoe kémawon, nanging manawi boten wonten koeli-koelinipoen (ingkang ngetokaken ototipoen) poenapa inggih saged mlampah??

Maatschappijen kados déné sepoorsepoor, trèm-trèm, bus-bus lan sanès-sanèsipoen pinten dasanan opzichters lan Insigneurs kémawon?? Manawi boten wonten *ototipoen* koeli-koeli oet. kaoem berah rendahan poenapa saged mlampah?

Wonten *arti lan otot* tanpa *arta* kémawon badé kados-poendi? Rak inggih taksih kirang bekakasipoen ingkang moeroegaken saged nglinding, saged djalan.

Wonten *arta lan ototipoen* kémawon oegi badé bèngkèk, djer pikiranipoen sepen, **kosong blong,** *soewoeng broeng*, dados inggih mokal sagedipoen badé madjeng; oepami mlampaha inggih namoeng **njèlèng.**

Dados sampoen tjeta sanget, manawi ingkang badé saged merdika poenika manawi nggadahi *arti arta otot* **nglempak,** *kelèt* dados satoenggal.

La ingkang kaseboet nginggil: Arti djempol, Arta nggrombol, Otot metékol poenika kita namoeng ngatoeri para maos kersaa nglelimbang katjoendoekna kalijan *adjeng* oet. ke **Merdikaning Indonesia.**

Menggah kadjawi poenika para maos oegi kersaa notjogaken kalijan Sw. Tm. serat kabar kita, ingkang dados dedamel kita, amargi manawi kita andaraken malih boten woeroeng badé damel boten renaning panggalihipoen para maos, djalaran pidjer-pidjer namoeng prakawis Sw. Tm. kémawon, nanging tetemboengan: „Volharden doet winnen" toemantjep lan toemandjem lebet ing manahipoen.

Sadèrèk èstri paredèn
Toetiboedhiati.

ATOER PRIKSA.
Lairipoen anak koela ingkang no. 7.
THERESIA COLETA POEDYASTOETI
wonten ing grija sakit ing Moentilan, nalika tanggal 10-8-'30 djam satengah nem éndjing. Saking sih kadarmanipoen Moeder Aufrida para Zuster enz. toewin pangèstoenipoen para sadèrèk baji toewin iboenipoen sami ginandjar wiloedjeng.
Njoewoen wewahing pangèstoe wiloedjeng.
B. DARSANA sakalijan.

WAWASAN BOEKOE.

Saking boekhandel J. B. Wolters Gang Scott 5 Weltevreden redactie tampi boekoe:
NGÈLMOE BOEMI INDIA WÉTAN
anggitané
J. L. OUDRAAD.

Boekoe „Ngèlmoe boemi India Wétan" poenika sampoen tjap-tjapan kaping kalih. Toean J. L. Oudraad, directeur ing Normaalschool Djombang, ingkang nganggit boekoe kasbat, kabantoe goeroe-goeroe Djawi ing Normaalschool ngrikoe. Boekoe poenika kanggé moerid-moerid ing Normaalschool toewin goeroe-goeroe ing sekolahan andap.

Sebab serat poenika kanggé laré ingkang sampoen naté sinaoe ngèlmoe boemi (ing sekolahan andap, lan bokmanawi sampoen tamat) mila anggènipoen ngrembag (njarijosaken) tjara sanès. Parésidènan-parésidènan boten katjarijosaken pilah-pilah (saking satoenggal wates poenapa boten) nanging kasareng, oepami: tanah Djawi kadadosaken tigang pérangan, Djawi kilèn, Djawi tengah, Djawi wétan. Tanah Djawi kilèn kapérang malih dados tanah paredèn toewin tanah ngaré. Mila tanah paredèn Banten Betawi Tjirebon saha Prijangan dipoen-sarengaken anggènipoen njarijosaken. Kita-kita ingkang pantes kasoemerepan ing ngakatah, kaboedajan, pabrik-pabrik saha pamedal ing rikoe karembag kanti talesih. Manawi paredèn waoe (langkoeng-langkoeng tanah ngaré), kalangkoengan lèpèn ingkang katah pigoenanipoen kanggé lelajaran, inggih dangoe pangrembagipoen. Makaten saladjengipoen.

Sami-sami poelo India wétan poelo Djawi poenika ingkang perloe pijambak saha ingkang sampoen kasoemerepan sadaja, pramila boten anggoemoenaken, manawi pandjang tjarijosipoen. Namoeng bab tijang Tengger, saking pamanggih koela, kedah dipoenwewahi; sebab ing ngrikoe saweg sakedik sanget (katja 52 gangsal larik ngandap); oepami: kados-poendi gesangipoen, watak saha tata tjaranipoen; tijang Tengger poenika alim sanget; seneng adamel saé dateng lijan; boten naté paben; radja pedjah boten naté kelampahan, boten pegatan lan sapanoenggilanipoen.

Boekoe kasbat nginggil mawi karengga gambar-gambar: gambar kawahing redi, gambar lèpèn, grija-grijanipoen tijang Mladjeng, tjandi-tjandi lan sanèsipoen.

Reginipoen boekoe namoeng f 1,25 (gangsal welas oewang).

CORRESPONDENTIE.

Abn. no. 70 C. Soe. arta f 3 kanggé kwartaal II + III.

Matoer noewoen dateng abonné no. 325 N. P. Ngad; abonné no. 634 J. Sol. —

Karangan sanès poensrantosaken; kirang papan. —

Nalika tanggal 12 Augustus '30, koela kaparingan momongan ingkang nomer 1 nama
Rr. AGNES THERESIA OETARI
kanti wiloedjeng.
Koela tijang sepoehipoen:
R. Robert Soenardja } Rahadi.
Rr. Regina Soejatinah }

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Pastoer Djawi kekalih.

Gandèng kalijan pasrah-pasrahan pandamelan, rawoehipoen P. Djajasepoetra lan P. Soekiman wonten Ngajogjakarta, dipoenénggalaken doemawah wonten: **dinten Setoe, tanggal 23 Agoestoes 1930.**

Rawoehipoen andjoedjoeg wihara Kotabaroe.

Éndjingipoen, **Ngahad 24 Agoestoes, djam 6 éndjing,** *Rama Soekiman ngoendjoekaken Mis Soetji wonten Grédja Kotabaroe, Rama Djajasepoetra wonten Grédja S. Joesoep Kidoel Lodji.*

P. Soekiman tjalon lenggah wonten Ambarawa, P. Djajasepoetra, wonten Ngajogjakarta.

* * *

Medal Sw. T. poenika redactie, atas namanipoen para lengganan Sw. T., soemarambahipoen dateng sadaja gotrah Kath. Djawi, ngatoeraken pambagja wiloedjeng dateng pandjenenganipoen prijantoen Ngoelama kekalih kaseboet nginggil. Moegi rawoehipoen, anjawabana ajoenipoen noeswa Djawi, koentjaranipoen Indonésia.

Melaniaschool.

Kala tanggal 15 Agoestoes, pakempalan Melania ambikak sakolahanipoen èstri ingkang nomer kalih anama Mariaschool. Sakolahan waoe doemoenoeng ing kampoeng Keparakan Lor Ngajogjakarta. Rarakitan lan woedjoedipoen saé, nengsemaken. Bikakaning pamoelangan dipoenregengaken sawatawis mawi kekidoengan Djawi toewin Walandi. Ingkang andjenengi bikaking pamoelangan waoe, kadjawi wawakiling pakempalan-pakempalan, pandjenenganipoen Inspèktoer Schalken toewin H. S. O. Wignjasoemarta. Manoet katrangan, sakolahan waoe sampoen gadah moerid 180.

Taoenan W. K. Ngajogjakarta.

Kala malem Ngahad 16/17 Agoestoes, Wanita Katholiek Ngajogjakarta ngawontenaken pista taoenan, manggèn ing dalemipoen sadèrèk Soegiri. Ingkang rawoeh (± 300), kadjawi Rama Param Para, oegi oetoesaning pakempalan P. P. I. I. Wanita oetama, lss. Jaarfeest waoe pikantoek pasoembang sekar saking P. P. I. I. lan W. O. Saking Taman Siswa, pikantoek samboetan gangsa.

Tetingalan ingkang koela pèngeti ing ngriki:

I. Djogèd srimpi, laré èstri alit-alit, adamel leganipoen para tamoe.

II. Tonil „Djagading Wanita" anggelaraken Dèwi Marijah anggènipoen djoemeneng Ratoening Malaékat; Malaékat-Pamomong, lss.

III. Tablo, ingkang nedahaken bédanipoen *roemijin* kalijan *sapoenika*. Kala roemijin, tijang sami seneng manawi gadah anak katah, djaman sapoenika tetijang sami ngoedi anak sakedik. (— Gandèng kalijan prakawis tablo poenika, ing ngriki perloe sanget koela pèngeti, bilih ing djagad Katholiek dipoenatjek-atjeki, ginantoengan dosa ageng, babar pisan boten kénging noelad pokalipoen djaman kénging moesibat, angemohi paparinging Allah ingkang awoedjoed anak. Djagad Katholiek toemandang amerangi ébah-ébahan ngirangi toeroen poenika. Dados anggènipoen W. K. waoe mitontonaken tablo namoeng *loegoe anedahaken* bédaning kawontenan roemijin kalijan sapoenika. Déné paoegeranipoen W. K. toemrap prakawis waoe, sampoen mesti kémawon angenggèni paoegeran Kth. kaseboet nginggil.

Sokoer bagé sèwoe, déné toemrap prakawis toeroen poenika bangsa kita taksih *kolot,* tegesipoen boten ngemohi soegih anak. Kolotipoen prakawis waoe, pamoedji koela, lestantoena salami-laminipoen. Sagedipoen makaten, doemoenoeng wonten kawaskitanipoen para pangandjoering bangsa. Mila, langkoeng prajogi manawi prakawis waoe *boten dipoenepik-epik,* awit sisib sembiripoen malah *nalisip,* dados kados *ananem widji,* alijas propagandah. Sedyanipoen badé merangi, wohipoen malah dawah kosok-wangsoel. —

IV. Vaandel (diwadja) W. K., dinasaran baloedroe biroe nèm rijeprijep angresepaken, ing tengah wonten pepetanipoen Sang Kenja akalijan Poetra, dipoensèba rini Djawi. Djarwaning vaandel waoe: Sang Kenja dados pangajomanipoen W. K., oet. Wanita Katholiek ngajom, bekti, ngabekti dateng Sang Kenja.

V. Lan sanès-sanèsipoen.

* * *

Perloe koela atoeraken, bilih nalika pésta W. K. waoe, katitik bilih baoenipoen golongan *prija* inggih toemoet tjantjoet ambijantoe, ngantos wonten prijantoen kakoeng (satengah) sepoeh, ingkang kalebetan *roh moeda,* karsa angedali djodjogédan, loetjon, toer katingal tjoetjoet. Poenika waoe amratandani: golongan prija poeroen angadjengaken madjenging wanita. Ingkang makaten waoe mila perloe sanget, djer adjenging wanita boten saged anilar prija, semanten oegi kosokwangsoelipoen.

Prijantoen sepoeh ingkang sinoeksman *roh moeda* waoe, dadosa katja benggalanipoen sadaja prija. Pikadjeng koela, boten kok sedaja kedah ladjeng kedah nglampahi kados pandjenenganipoen. Djer saben tijang anggadahi poeloeng pijambak-pijambak. Tjekap waton pandjenengan: ambijantoe vrouwenbeweging ingkang nalar, ingkang laras! Koela poepoedji wiloedjengan taoenan W. K. anjawabana adjengipoen W. K. Mataram, soemarambahipoen andajani indaking soepeketipoen para warga, sasarengan toemandang angrakit saéning grija Indonesia. *(A.S.D.)*

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

—Djor-djoran montor bis Victoria kalijan A. M. Java ing margi Ngajogjakarta — Magelang, anderpati sanget. Ngantos kerep adamel woetahing rah. Paréntah Ngajogja anjegah prakawis waoe, sarana damel pranatan kentjeng sinten ingkang ngroemijini damel dadakaning paben, (tegesipoen kalepatan), dipoentjaboet palilahipoen nglampahaken bis (vergunningipoen). Sapoenika, maskapé A. M. Java ingkang ngitjipi roemijin, vergunningipoen dipoentjaboet, bisipoen boten kénging loemampah ing dalem sawoelan wonten margi Djokja — Magelang.

—Para agoeng, prijantoen pangrèh pradja ing Kedjawèn (Ngajogjakarta lan Soerakarta) mentas parepatan wonten ing dalem Goepernoeran Ngajogja. Kadjawi sanès-sanès, angrembag oegi prakawis rantjangan Balé Agoeng.

—Sadèrèk Rm. Kresnaamidjaja, goeroe R. K. Standaardschool Medari, sapoenika wonten grija sakit Pétronéla Ing Ngajogja, margi kala Ngahad nalikanipoen noempak sepédah katabrak vrachtauto A.B. 2041 wonten Sléman, tatoe ing sirah, tangan lan soekoe. Kawertos, vrachtauto-nipoen sampoena dipoenendeg satoenggiling tijang boten poeroen mandeg. Koela memoedji, moegi sadèrèk waoe sageda énggal saras.

Ngleresaken lepat.

Ing Sw. Tm. 15 Agoestoes, wonten lepating pangetjap ingkang saged noewoehaken seling serep, i.p.

Lembaran 2, panggénan Wawasan boekoe „Sari Swara," poenika leresipoen namoeng doemoegi oekara „. . . . . nanging para goeroe saged ngleresaken pijambak" . . . ing kolom nomer 3 saking kiwa. . . . . Déné oekara-oekara teroesipoen oekara poenika (oegi ing kolom 3) leresipoen kalebet golongan verslag P.B.M.T.S. ing kalom 4. Ing verslag P.B.M.T.S., oekara kalih larik saking ngandap poenika, teroesipoen wonten ing kolom nomer tiga waoe.

Ing verslag P.B.M.T.S. kolom 4, larikan nomer 23 saking ngandap wonten oekara moengel makaten, „. . . . . nénéman kedah njoemerepi *kabar* Indonesia" poenika *lepat.* Leresipoen *babad* Indonesia.

Wasana, koela njoewoenaken pangapoenten korèktor kita. (Redactie Sw. T.).

Boten angsal dados warga Gemeente Raad.

Sadèrèk P. lengganan Sw. T. njerat makaten:

Ing Sw. T. tanggal 15 Agoestoes, wonten kabar petikan prakawis „anggènipoen sadèrèk Soekardi sawoeng Pasoendan boten dipoentampi dados warga Gemeente Raad, margi boten saged tjara Walandi, mawi kapratélakaken boten wonten artikel ingkang nentjang warga Gemeente Raad kedah saged tjara Walandi. Malah Raad Kawoela kémawon inggih wonten warga ingkang omong mawi basa Mlajoe, mila pakempalan Pasoendan protest."

Prakawis basa Walandi ing Gemeente Raad, poenika para maos koela atoeri mirsani Ordonantie 27 Agoestoes '26, ingkang kamot ing Staatsblad 1926, no. 365, Hoofdstuk 2, afdeeling 2, artikel 6 lid 1 lan lid 2, sub a ten eerste, lan ten tweede, poenapadéné sub b. Ing ngrikoe wonten oengel-oengelan makaten:

art. 6(1). Tot lid van den raad (stadsgemeenteraad kadosdéné Soekaboemi) kunnen *alleen* verkozen worden manuelijke Nederlandsche onderdanen, die ingezetenen van Ned. Indië zijn etc. etc. *ter beoordeeling van den burgermeester voldoende kennis bezitten van de Nederlandsche taal.* (. . . . . Sing kena dipilih dadi warganing raad moeng kawoela Nederland, doedoenoeng ing Indija Nederlgnd, . . lss. . . . sing manoet panemoené burgermeester ndoewèni kawroeh basa Landa njoekoepi. *Red.*)

Jèn kanggé warga Raad Kawoela, boten wonten oengel-oengelan ingkang kados makaten. (Zie Wet op de Staatsinrichting van Ned. Indië kawrat ing Ned. Staatsblad 1925, no. 234 lan 235, oet. Ind. Staatsblad 1925 no. 415 lan 416, tweede Hoofdstuk, art. 55, lid 1 sub a, b, c, d, d 1 lan 2. Dados inggih kénging mawi basa Indonesia.

Samanten oegi ing Provinciale Raad inggih boten kedah saged tjara Walandi.

* * *

Koela ingkang damel petikan kabar ing nginggil perloe mratélakaken bilih s. k. Het Nieuws damel wawasan prakawis kaseboet, makaten: Ons lijkt deze weigering ongemotiveerd.

Art. 37 van de Locale Raden Ordonantie zegt nadrukkelijk in sub 2: „bij de beraadslaging kan zoowel de Nederlandsche als de Maleische taal gebezigd worden.

Sub 3 gaat daar dieper op in en stelt vast, dat voor leden die de Nederlandsche taal niet verstaan, eventueel een tolk ontboden kan worden.

Wij begrijpen dan ook niet, dat de Raad een lid van Pasoendan kon weigeren op onwettige gronden.

Tegesipoen kémawon: Panampikipoen Raad dateng sawoeng Pasoendan waoe boten maton. Djer, art. 37 ing Localeradenordonantie njarijosaken bilih rerembagan ing ngrikoe kénging katindakaken mawi basa Walandi lan Mlajoe, malah sub 3, anjarijosaken manawi perloe kénging migoenakaken djoeroe basa.

Bintang Timoer damel komentar makaten: „Kita poen tahoe bahwa di Medan, kota jang lebih besar dari Soekaboemi, ada lid jang selamanja berbahasa Melajoe, jalah toean Abdullah Loebis, directeur Pawarta Deli, dan di Padang poen ada leden jang berbahasa Melajoe sadja teroes, malah pemandangan oemoem tempo hari dipakai bahasa Melajoe oleh toean Taher gelar Mara Soetan.

Di Volksraad poen ada lid jang teroes berbahasa Melajoe, sebab dalam oendang-oendang memang diizinkan. Kita heran dengan Soekaboemi matjam ini! Tetapi kita rasa tentoe Gedeputeerden Provinciale Raad West Java akan batalkan itoe besluit jang aneh." *A.S.D., red. Sw.T.*

Opsir Indonesiër.

Mitoeroet serat kekantjingan tanggal 3 Agoestoes, toean-toean Soewardi, Mohamad Soedibjo lan Soetopo sami kaangkat dados Litnan Infanterie klas 2. (Bintang Timoer).

Mesdjid mawi pirantos ambantasaken swanten.

Mesdjid ingkang sapisanan mawi pirantos ambantasaken swanten (luidspreker) i.p. mesdjid Soerakarta. Mesdjid waoe dipoensoekani pirantos kaseboet 9, ingkang nem kanggé ngongrongan djaler, sanèsipoen kanggé èstri.

Oetek Indonesiër.

Dipoenangkat dados Indisch arts sadèrèk Ramelan, (Karang Anjar, Kedoe kidoel). Katarimah iksamenipoen Ind. Artsexamen pérangan kalih: Mohamad Iljas (Padang).

De Veertiende Club.

Saking tepangan koela, koela mireng pawartos bilih ing Soerakarta wonten pakempalan winados anama De Veertiende Club, sedyanipoen anjegah oet. ngitjali tandoek ngrisak kasoesilan, merangi palanjahan, lss. Kawertos pakempalan waoe panjamboet damelipoen tjantjoetan sanget. Pakempalan waoe panjamboet damelipoen sasarengan kalijan poelisi, sarana serat boedeg.

Ing Ngajogjakarta ngriki, inggih wonten ébah-ébahan makaten poenika dipoenpangagengi ingkang asisinglon Kala, ing serat kabar *Sedya Tama.* Pakempalan makaten poenika saèstoe moerakabi. *(Pak Tyon).*

Pangiridan.

Bat. Nieuwsblad martosaken sawenèhing kaboedidajan karèt ing Soekaboemi sampoen anindakaken pangiridan.

Salah satoengggiling toko Inggris, ngedakaken blandjaning poenggawanipoen 20%.

Prahara.

Aneta njarijosaken ing Asahan (Soematra pass. Wétan) ing onderneming Aek Taroen distrik Bandar, tjaket Tg. Balai, mentas katradjang prahara. ngrebahaken grija kongsi Tionghoa 5 woewoeng, sarta damel pedjahipoen tijang kalih.

Pest ing Bangkok.

Wiwit tanggal 15 Agoestoes poenika ing Bangkok katradjang pagebloeg pest.

Adviseur M. D. dipoentjepeng.

Saking Padang Aneta martosaken bilih tilas kepala Negari Batipoeh Baroe tjaket Padang Pandjang t. Datoek Rangkaja Maharadja, adviseur pakempalan Mohamad Dijah, dipoentjepeng margi ngodjok-odjoki (mengasoet).

Soedanipoen waragad tilgram Nederland — Indonesia.

Paréntah ngriki, boten saged njondongi ngedakaken tarip tilgram Nederland—Indonesia.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

SEMBAH LAN DODOK.

Ngantos ngoemandang doemoegi Raad Kawoela.

Datengipoen tijang mantja wonten Indonesia, andajani *éwah-éwahan* warni-warni. Oepami kémawon prakawis *tata krami.*

Kala roemijin, laré-laré Djawi dipoenpersoedi saèstoe tata-krami Djawi: njembah, ndodok, lss. Ngantos, . . . wonten padatan tijang njoewitakaken anak dateng prijantoen. Perloenipoen: soepados anggoegoeroe tata-krami Djawi.

Nanging, . . . djaman sapoenika, . . . djaman *soemadoeloer* (— oengelipoen! —) pakoermatan njembah, ndodok, waoe, kaanggep langkah saking ngekat.

Roemijin, ... moerid-moerid pamoelangan angka kalih, sami dipoenatoelaken kalijan boekoe „*Woelang Siswa.*"

Nanging, djaman sapoenika, djaman *demokrasi,* sampoen malih ingkang moeridipoen, tjatjak goeroenipoen pijambak soemerep woedjoedipoen „Woelang Siswa" kémawon dèrèng kinoer. Saweg panjeboetipoen laré angka kalih dateng goeroenipoen kémawon, inggih sampoen wonten ingkang njéngkok Walandi: „mijnheer, menir —," ngantos kerep kémawon temboeng poenika dipoenwantjah dados: „nir. Malah kerep oegi dipoenater-ateri mas, dados *mas-menir,* lss.

Djaman roemijin, „tijang saged njembah, ndodok, poenika dipoenprada. Nanging djaman sapoenika, adakanipoen *dipoenéwani,* apes *dipoen-goegoedjeng,* inggih sanadjan boten kelahir.

O, mingset-minseting djaman!

* * *

Éwah-éwahan makaten poenika awon poenapa saé?

Prakawis poenika, koela *borongaken* pandjenengan pijambak! Patjar Mérah namoeng saged matoer: „Kabekta saking ébahing djaman, tetijang Djawi ingkang anggondèli tata-krami Djawi *deles,* badé *kawon desoek.* Ateges oegi: *kaoem kolot,* kawon desoek kalijan *kaoem moeda.*"

* * *

Roemijin, prijantoen B.B. poenika *karem* ndodok lan njembah, ... didodoki lan disembah!!

Nanging ing djaman *soemadoeloer* poenika, pandjenengan meningi wonten *Boepati* andawoehaken ngilangi sembah.

Nembé poenika kémawon, konggrèsipoen *prijantoen B. B.* (pakempalan P. P. B. B.) ing Soerakarta, damel *motie: ngitjali sembah, dodok.*

Dados, golongan B. B. ingkang waoenipoen karem sembah-systeem, ing djaman *kemadjoean* poenika *ngemohi!* Loerah ingkang taksih ngalami kedah *nglèsèd* wonten sangadjengipoen ndara Dana lan ndara Setèn, bokmanawi margi dajaning motie waoe badé mindak dipoenadjèni bendaranipoen sakedik! Pendapa kawedanan, oet. ngasisténan (— ingkang dèrèng —), margi dajanipoen motie ing nginggil, bokmanawi kémawon inggih ladjeng isi koersi katah, soedijan paloenggoehanipoen loerah-loerah doesoen manawi ngleresi klempakan wonten kawedanan oet. ngasisténan.

Boten namoeng ing kalangan B. B. kémawon, ingkang katingal (badé) ngitjali sembah-dodok. Ing djagad goeroe, sampoen dangoe inggih kapireng swanten boten remen manawi wonten goeroe nglèsèdi, ndodoki, oet. njembah *bendara kangdjeng toewan* Insepèktoer, oet. bendara Sekoelopsiner.

Boten remen, manawi wonten kangdjeng toewan Insepèktoer, oet. ndara sekoelopsiner neda dipoenklèsèdi, dipoensembah-sembah!

Malah, ... prakawis swanten neda itjalipoen sembah dodok ing kalangan onderwijs poenika, sampoen ngoemandang doemoegi Raad Kawoela taoen poenika. Ingkang dados slomprètipoen, warga bangsa Walandi, golongan I.S.D.P., goeroe H.C.S. gemeente ing Betawi, *t. De Dreu.*

Toewan De Dreu, tjarijos makaten: „(. . . .) Naar mij werd medegedeeld, worden door sommige Inl. schoolopzieners en zelfs ook door Inspecteurs, nog overmatige eerbetuigingen geeischt. Deze worden niet alleen van de onderwijzers gevorderd, maar ook de kinderen moeten op de maat de eerbewijzen uitvoeren.

— (Warga *t. Suermondt* takèn: „Tanda pakoermathn sing endi?" T. Dreu mangsoeli: „njembah!") —

Het lijkt mij alleszins gewenscht, Mijnheer de Voorzitter, dat van departementswege aan de inspecteerende ambtenaren een circulaire wordt gezonden, waarin op het ongewenschte hiervan wordt gewezen."

Atoeripoen t. Dreu poenika soeraosipoen tjara Djawi makaten: „. . . Sawenèh ing sekoelopsiner, lan dalasan Insepèktoer pisan, wonten ingkang neda pakoermatan langkoeng saking ngekat. (— kapoerih njembah! —) Lan ingkang kapoerih makaten waoe, boten namoeng goeroenipoen kémawon. Para moerid oegi kedah toemindak makaten mawi dipoenabani. Mila prajogi sanget manawi *departement* maringi *sirkoelèr* dateng prijantoen waoe, bilih tindak makaten poenika boten saé. (— soepaja dipenging! —)

* * *

Perloe koela pèngeti ing ngriki, bilih t. Dreu waoe saladjengipoen njarijosaken asoeraos: margi wewenang mindah goeroe poenika wonten insepèksi, ladjeng noewoehaken tindak boten leres; andjalari wonten pokal „golèk pendok" lss. Oepaminipoen: goeroe-goeroe angka kalih ingkang gadah, *tjoetjoel arta pijambak,* ndandosaken barang-barang asta gina dateng toekang, ladjeng kaakenaken damelanipoen moerid; damel schoolkaart dipocnsaé-saé, mawi artanipoen pijambak, lss. Poenika waoe sadaja namoeng *ngempèk-empèk* insepèksi, soepados *boten dipoenpindah.* Kadjawi poenika t. Dreu anjéda prijantoen insepèksi ingkang *njrengeni* goeroe wonten sangadjenging moerid . . . T. Dreu neda soepados dajanipoen insepèksi toemrap pindahing goeroe dipoenwatesi, dipoenkirangi!

* * *

Tanda pakoermatan poenika pantjèn boten kedah awoedjoed *ambatoer toekon!* Éwadéné, weling koela dateng para goeroe pamoelangan andap, sampoen kasoepèn moelangaken: *trapsila, weroeh ing tata,* . . . dateng moerid-moerid! Sampoen ngantos swanten angitjali sembahdodok waoe andajani pandjenengan *anglirwakaken pamardi* pandjenengan dateng moerid-moerid prakawis mangertos dateng tata-krami, soeba sita, pakoermatan!

Dados, nitik galagat ing nginggil, delesing tata-krami Djawi badé *itjal!* Bandéranipoen kaoem-moeda tjap *„hilang sembah dodok"* badé koemlèbèt toemantjep wonten noeswa Djawi. Ingkang taksih nglestantoenaken bokmanawi golongan alit, kaoem *ningrat, ing salebeting kadaton* Ngajogja, Soerakarta. Lan bokmanawi, — kados atoer koela kala roemijin — inggih ing djagad Katholiek Djawi, manawi wonten *salebeting Grédja* (— Prakawis sembah ing Grédja poenika ngentosi pamanggihipoen Koemisi Tatatjara gadahanipoen P. K. W. —).

Nanging, ... nanging, ... pandjenengan kedah *oegi* ngèngeti lagéjanipoen ngalam donja! Kedah oegi ngèngeti éwah gingsiring lalampahan lan panganggep ing salebeting djagad ageng!

Manawi pandjenengan satitèkaken, katah kémawon prakawis oet. kawontenan ingkang waoenipoen *dipoenadjengi,* ladjeng *dipoenemohi,* wasana *dipoenkaremi malih.*

Sematen oegi, prakawis tata-krami Djawi poenika waoe! Waoenipoen dipoenpoendi, saiki ditampik, . . . *bokmanawi* béndjing jèn sampoen badé tjoeres babar pisan, ... ladjeng *dipoen-gegesang* malih!

Nanging atoer koela poenika, inggih namoeng *bokmanawi!* Djer koela boten saged metja.

Éwadéné tjobi, atoeripoen Patjar Mérah dipoentitosi kémawon!

Kumuningsaselé 17 Augustus '30.

Taklim:

Patjar Mérah.

Tijang Roeslan ingkang dipoentahan.

Toewan lan njonjah Smirnoff bangsa Roeslan, ingkang katahan margi kakoewatosaken dados propagandist Roeslan, kados ingkang sampoen kawartosaken ing Sw. T. ngriki, sasampoenipoen katahan 20 dinten ladjeng kawedalaken margi pantji resik. Nanging bab kénging-ipoen manggèn wonten ngriki, poenika taksih ngentosi poetoesanipoen Immigratie Commisie

Mohamad Dijah kalijan Raad Kawoela.

Manoet pamirengipoen het Nieuws, pakempalan Mohamad Dijah badé toemandang soepados ing taoen 1931 poenika anggadahi wakil wonten Raad Kawoela.

Delèr van Sandick.

Warga Raad van Indie énggal, t. van Sandick, goepernoer ing Soematra Pss. Wétan, sampoen pangkat dateng Betawi.

Reboet baloeng tanpa isi.

Wonten ing *Swara Oemoem* ddo. 15 Agoestoes, koela maos panantangipoen P. S. I. I. Soerabaja dateng redactie Swara Oemoem, ngadjak ngawontenaken openbare debatvergadering wonten tanggal 17 Agoestoes poenika, perloe soepados aneerangaken awonipoen Mekah saénipoen Digoel, oet. pranatan-pranatan ingkang awon salebetipoen Islam.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

Boeat toean poenja

Recept[2]

ERCEE

APOTHEKEN
Rathkamp & Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.
PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.
Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:
„WIRJOSOESENO"
Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto	**10**	**5**	**2½**	**1**	**½ kilo;**
sablèg regi	**10,50**	**5,50**	**3,-**	**1,30**	**0,75;**

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	6.30-8.	Kepandjèn	6-7-9.
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas	6-8.30.	Tegal	6.30-8.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
" Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Randoesari	7-9.	Wonosobo 8)	7.30.
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6-7.30.		
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Heuvel	5.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Soerabaja:			

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

Panantang poenika, gagandèngan kalijan karangan bab bédanipoen Mekah kalijan Digoel kawrat ing sk. Swara Oemoem. Redactie Swara Oemoem, wonten serat kabaripoen tanggal 15 Agoestoes poenika, tjarijos „. . . . . Moela tantangamoe moeng kita èsemi." Minggoe kepengker kelampahan débatvergadering, nanging margi kosèk, saking panedanipoen poelisi, katibarakèn. Pihak Swara Oemoem boten poeroen dateng.

Sapinten katahipoen tijang nganggoer?

Ing taoen 1929, tjatjahipoen tijang pados padamelan bangsa Eropah ing Betawi, djaler: 899, èstri 351. Ing satanah Djawi, bangsa Éropah ingkang pados padamelan waoe, djaler: 4832, èstri 1443, (4½%). Tjatetan poenika, petikan saking kantor-kantor kanggé ngoepados pakarjan, lan tjatjah ingkang leres, mesti langkoeng inggil saged tikel kalihipoen.

Déné tjatjahipoen tijang pados padamelan bangsa Indonesia ing tanah Djawi, kala taoen '29 poenika waoe, djaler: 11.127, èstri 601.

Bangsa Tionghoa ingkang pados padamelan dateng kantor waoe, boten sapintena. Indonesiër ingkang pados padamelan ngetik, katawis mindak. *(Het Nieuws.)*

Doktor R. Seno Sastroamidjojo.

R. Sastroamidjojo kelahiran Tegalredjo, wonten pamoelangan loehoer Amsterdam kaangkat doktor prakawis kasarasan.

Krakatau.

Tilgram Aneta saking Lang eiland 18 Agoestoes, njarijosaken bilih pangageng vulkanologischen dienst niti priksa poelo énggal, ingkang d'ameteripoen kirang langkoeng 800 M.

Pandjangipoen poelo, wiwit lèr mangidoel wonten 1150 M. Déné wijaripoen saking Kilèn mangétan 250 M.

MANTJA NEGARI.

HINDOE. Manoet tilgram saking Simla 17 Agoestoes, Bangsa Afridi taksih sami damel reresah. Opsir wadyabala Inggris wonten ingkang pedjah satoenggal.

Montor maboer gadahanipoen militèr sami toemandang, sarta inggih damel girisipoen tetijang Hindoe. Kala tanggal 16, wadya kabangsan ingkang sami wonten goewa-goewa Khajurie poenapadéné ing Basra, sami dipoendawah bom saking nginggil. Tjatjahing tijanig ingkang wonten goewa-goewa lan ing distrik Peshawar, katjarijos sampoen soeda. Kala Rebo lan Selasa, montor maboer inggih andawahaken bom wonten distrik Opper-Kuram, andjalari kapitoenèn katah, lan tetijang ingkang damel reresah wonten ngrikoe ladjeng sami késah. Sanadyan makaten, nanging wadya kabangsan waoe inggih dèrèng saged karesikaken saèstoe, taksih katah ingkang sami wonten ing goewa-goewa sakidoelipoen lèpèn Bara. Kadji ing Toeranhzai taksih teroes angiroep bala saking kalangan Islam. Hooge Commissaris ing distrik Lèr Kilèn saoeroetipoen wates, angoendangaken oendang perang.

FINLAND. Padagangan madjeng.

Finland, anggandèng Scandinavie kalijan tanah-tanah saganten Wétan. Finland soegih wanagrodjogan toewin tlaga kados Zweden lan Noorwegen. Sitinipoen loh. Sabakdanipoen perang, Finland merdika, ladjeng ngoedi ngadjengaken pabrik-pabrik. Sabakdanipoen taoen '24, ladjeng katingal madjeng. Wiwit taoen '24 waoe, mitoeroet pétangan sapoenika, tjatjahing pabrik mindak 25%, tjatjahing kaoem berah mindak 22%, lan barang-barang wedalan pabrik pangaosipoen mindak 47%.

Ing taoen '29, barang wedalan pabrik pangaosipoen langkoeng katah tinimbang kala taoen '28, i. p. wonten 1400 mlijoen Mark-Finsch (1 dollar wonten 37 Finsche marken). Goenggoenging export wonten 6430 mlijoen, déné import total djéndral wonten 7000 mlijoen kiranga sakedik . . . . . . Mekaten tjarijosipoen United Press Staf Correspondent (Midden Java),

DJEPANG. Tjatjahing tijang nganggoer saja mindak. Paréntah sadjak boten angrembag tetijang ingkang sami nganggoer, margi Nagari pijambak karépotan prakawis arta.

Ing djagad padagangan, katah tijang dipoentjopot, dipoenlongi blandjanipoen. Tijang èstri saé-saé katah ingkang nindakaken katjoelikan, ing pangangkah sageda ngreksa gesang ing pamili. Wonten panoentoen proletarisch medjahi bodjonipoen lan anakipoen sakawan. Wasana badanipoen pijambak ladjeng nglaloe.

Wonten serat tilaran saking tijang djaler, njarijosaken: tijang mlarat boten gadah pangadjeng-adjeng gesang wonten kawontenan Djepang samangké poenika.

Nanging dokter, anggadahi pamanggih katahipoen tijang sami nglalce lan medjahi tijang poenika margi telesing hawa kabekta saking sapoenika saweg mangsa rendeng. Kadjawi poenika, Djepang inggih mentas ketradjang hawa bentèr.

Paréntah mentas noendoeng accountant kantor Sovjethandelscommissaris, anama Kroepentik, margi damel propaganda bolsjewistisch; makaten tjarijosipoen pembantoe North China Daily News ing Tokio. (B.T.),

NGOEPADOS

réntjang èstri (sokoer Katholiek), **tjekap ing oemoer,** mrantasi pendamelan ing pawon toewin kénging pinitados momong laré-laré.

Kanggé fam. J. C. O. Hadiwardaja
Pagilaran Pekalongan.

Blandja: f 5.— sawoelan. Neda toewin tilem nglebet. Katrangan dateng
ADMINISTRATIE Swara Tama.

KLEERMAKER ACHMAD
TAMBAKSEGARAN
SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng
mawi modèl warni-warni; oegi nampi welingan badé roepi-roepi.

DAMELANIPOEN NÈTJES: ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN